НОХЧИЙН РЕСПУБЛИКИН ЙАЗДАРХОЙН СОЮЗ

Сулейман-Хьаьжа Аутаев

НЕНАН ІИНДАГІЕХЬ...

Стихаш

Соьлжа-ГІала
2022

УДК 8С2 (Чеч)
ББК 84 (2Рос-Чеч) 6-5
А93

Аутаев С.-Х.С.

Ненан ІиндагІехь... Стихаш. – Соьлжа-ГІала: АО «ИПК «Грозненский рабочий», 2022. – 96 а.

ISBN 978-5-4314-0518-1

Аутаев Сулейман-Хьаьжа адам санна а, поэт санна а вайзаманхо ву, оцу дешан дуьззинчу маьІнехь. ЦІена бусалба дог-ойла а, нохчаллин бакъ йолу амалш а цо ларйина хиларо цхьа а шеко ца йуьту цо жимчохь дуьйна хаьржина шен дахаран некъ цунна шена а, нахана а беркате а, нийса а хиларх. ”Хаамийн технологийн бІешо” аьлла, цІе тоьхначу вайн заманчохь а бусалба динан а, нохчаллин а синмехаллашца шен дерриге дахар доьзна волу стаг мел кхиаме хила йиш йу гойтуш, кхетош-кхиоран доккха маьІна долуш, дика масал а ду и къоначарна. Доьналлица, стогаллица, нийсонна тешаме хиларца цхьаьна цуьнан байташкахь гуш йу нохчо волчу вайзаманан бусалба стеган адамалла, нахаца къинхетаме, лераме хилар. ТІаккха ойла кхоллало: иштта стаг поэт ца хила йиш а йацара...

ISBN 978-5-4314-0518-1

© Союз писателей ЧР, 2022

ДАГГАРА ХЬЕХАМАШ...
(Аутаев Сулейман-Хьаьжин кхолларалле)

ХIора адам ша цхьаъ догIу кху дуьнен чу, шала и динехь а. Иштта, ша цхьаъ, дIа а доьду адам кху дуьнен чуьра, цуьнан Iожалла дуккха а нахаца нисйелла хилча а. Homo sapiens олучу тобанехь болчеран массеран а коьрта долучунна цхьатера догIмаш хиларна а, билггалдолчу маьIнехь церан дахаран-Iеран хьелаш а, гонахара дуьне а, Iалам а цхьатера долу дела а адамийн хетарш, ойланаш, синхаамаш дукха йа кIезиг цхьатера хуьлуш нисло. Амма хIетте а хIора стаг шен дахар долуш ву, цхьана а стеган цкъа а хилла а доцу, хир а доцу – цуьнан шен дахар. Шен бен йоццчу ойланийн, синхаамийн дахар. Шен син дахар. Шина адаман мел чIогIа цхьатера, гергара ойланаш кхоллайеллехь а, царах хIораннан ойланаш шайн башхаллин мухIар тIехь доцуш йац. Цундела ду и **син дахар**. ЧIогIа чолхе а ду и чоьхьара дахар. Вайна гуш болчу а, царал эзарза сов – вайна гуш боцчу а хиламийн, хийцамийн инзаре дукхалла йолуш, вуно чулацаме ду син дахар. Кхузахь ас дуьйцург керла а йа нахана цахуург а дац. Амма цхьана заманчохь сих-сиха сан коьрте хьийзаш хилла и ойланаш йуха а карлайевлира сан, вайзаманан нохчийн поэтан Аутаев Сулейман-Хьаьжин байташ йешча. Динан поэзин коьрта ламасташ а лардеш, дуьненах, дахарх, дахарехь тIеIитталучу тайп-тайпанчу хиламех а, Iожаллех а, адамийн йукъаметтигех а йинчу ойланийн а, кхоллалбеллачу синхамийн а бух тIехь йазйина йу уьш. Искусствон цхьа дакъа хиларе терра, поэзин хьоста а, орамаш а син дахарехь ду. Иза дуьххьалдIа ала догIу Сулейман-Хьаьжин кхолларалле а. Таханлерчу нохчийн поэзехь керла хилам бу цуьнан байташ. Муьлха билгалонаш йу, и байташ вайн поэзехь керла агIо хилар гойтуш? Цунах дийца хьовсур ду-кх вай. Кхузахь уггаре

хьалха билгалдаккха деза, Аутаев Сулейман-Хьаьжин дукхах йолчу байташкахь вайна гуш ду паччахьан заманашкахь а, советийн Іедал хІоьттинчу хьалхарчу шерашкахь а нохчийн маттахь кхиъна хиллачу бусалба динан поэзица уьйр хилар. Билгалдаккха деза, и уьйр уггаре хьалха формийн (кепийн) агІор йоцуш, дуьнене болчу хьежамашца йолу маьІнийн уьйр йу. Кхузахь хьахо догІу, Сулейман-Хьажа воккха Іеламстаг ву, иттанаш шерашкахь дин Іамош, дин хьоьхуш, шен дерриг дахар динца доьзна схьавогІуш...

Къилбаседа Кавказан къаьмнаш Россин империн карадахарца Кавказан тІом дІабирзинчул тІаьхьа, адамийн дахаран-Іеран гІуллакхаш инзаре халачу хьоле девлла хиллехь а, шех дашо мур ала мегар долуш зама йеана вайн махкахь. Цу муьрехь Нохчийчохь бевлира вайн къомана шайх доккха беркат даьлла болу сийлахь эвлайааш, шайхаш, устазаш, динан дай. Царалахь, Іаьрбийн йозанах пайда а оьцуш, дІадоладелира мовлад дешаран къепе а, назманаш а, хьехамаш а йозане бахар, уьш вовшашка дІаса а кхачош. Цунах литературах долчу Іилманехь **син поэзи** (духовная поэзия) олу, нохчийн маттахь **динан поэзи** аьлча, нийса хета суна. 19-бІешеран чаккхенехь – 20-бІешеран йуьххьехь нохчашна йукъахь кІезиг ца хилла Іаьрбийн йоза-дешар хуурш, ткъа царалахь шаьш назманаш, байташ йохурш а хилла. Кхузахь къаьсттина хьахо хьакъ ву Гайсумов Соип-Молла (1937-1932 шш). Ерриге Къилбаседа Кавказехь а вевзаш, масийтта мотт а Іамийна, уггаре дика бусалба дин хуучу нахах хилла ву иза шен заманчохь. Цо масийтта жайна арахецна 20-бІешеран йуххьехь Темир-Хан-Шурехь (хІинца – Буйнакск). Царна йукъахь Соип-Моллас ша йазйинчу назманийн масех гулар хилла бохуш, чІагІдо Іилманчаша. Цундела нохчийн маттахь йолчу динан поэзин бухбиллархойх цхьаъ ву иза. Иштта лакхара мах хадо хьакъ ву воккха Іеламстаг а, поэт а хилла волу Сугаипов Шахьаб а.

Нохчийн литература когайахаран муьрах коьрта болу хаамаш вайн Іилманчаша гулбина, Іамийна, зорбане баьхна.

Оцу заманчохь партин (пачхьалкхан) заказ хьалхарчу меттехь хиларе терра, оьрсийн литературо хьалхарчу меттехь – идеологин агIор а, шолгIачу меттехь – исбаьхьаллин агIор а тIеIаткъам бо вайн литература кхиарна. Идеологех хьакхалург мел чолхе хиллехь а, нуьцкъала бара нохчийн барта кхолларалло вайн литературина бина тIеIаткъам а: масала, йаздархоша шуьйра пайда оьцура вуно хьал долуш йолчу нохчийн фольклоран исбаьхьаллин гIирсийн системах, турпалхойн, къонахийн васташ кхолларан зеделлачух а.

Коьртадолучунна оцу шина хьостанах – оьрсийн литературах (цуьнгахула – дуьненан литературех а), халкъан барта кхолларалле а пайда оьцуш схьайеъна нохчийн литература советийн Iедал доххалц а, цул тIаьхьа а. Вайн литература кхиаран кхоалгIачу хьостано – динан (син) поэзино – нохчийн исбаьхьаллин литературина бина тIеIаткъам, йа кхечу дешнашца аьлча, цунах йаздархоша пайдаиэцар хенаца а, барамца а кIезиг хилла. Назманийн исбаьхьаллин ламастех пайдаэцнарш буьйцуш, цIе йаккха хьакъ ву Дудаев Iабди а, Нажаев Ахьмад а, иштта кхин дIа а. Чулацамца, идеологица дерг, хууш м-хиллара, хьехадойла дацара хIетахь, цундела формальни агIо, кепийн агIо йуьйцу вай. Ма-дарра аьлча, нохчийн маттахь вуно дика кхиъна хиллачу динан поэзица нохчийн литературин уьйр йерриге хаьддера советийн заманахь. Суна хетарехь, йуха а билгалдаккха лаьа, и уьйр шен кхолларалица йухаметтахIоттийна Сулейман-Хьаьжас. Советийн заманчохь йазйина динца йоьзна цхьа а произведени ца йевза суна, Гадаев Мохьмад-Селахьан Мохьмад-Пайхамарна а (Делера салам-маршалла хуьлда цунна!), Кунта-Хьаьжина а (Дала къайле цIинйойла цуьнан!) лерина поэзин произведенеш йоцурш. Бакъду, халкъалахь йевзаш вуно дукха а, дика а назманаш йара, наха куьйгайозанца вовшашлахь дIаса а йаржайеш. Бусалба динан тематикехь дика йазйеш тахана дуккха а нохчийн поэташ бу, амма шен кхолларалла коьртачу декъана цунна лерина, бусалба динан дуьнене болчу хьежамийн а, ламастийн а гурашкахь шен кхолларалла

йолуш схьавогІуш хІокху бІешарахь, суна хууш, дуьххьара ваьлла поэт ву Аутаев Сулейман-Хьаьжа.

Хууш ма-хиллара, Малхбалерачу къаьмнийн поэзин тІеІаткъам хиллачу нохчийн назманашкахь рифма йаран кепаш дукха хьолехь иштта йу: **аааб; ааба; аааа**. Рифма йохош, йа йан а йоцуш меттигаш а нисло назманашкахь. И "сакхт" хийла нисдо чоьхьарчу рифмаша йа йух-йуххехь нислучу декарца герга долчу мукъазчу аьзнаша. Назма олучо, ритм нисйархьама, шена оьшучохь йаханчу хенан хандешнийн чаккхенгара доца мукъа аьзнаш ца олуш а дуьту ("дуу"), шена оьшучохь, мукъаме хьаьжжина, дах а до. Оцу кепара назманийн стихаш дактиль, хорей олучу барамашна "чуйерзина" хуьлу. Иштта сурт го вайна нохчийн халкъан барта поэтически кхолларалле хь ритмикин декъехь, амма рифма йаран декъехь долчух аьлча, цигахь **аааб, ааба** кепаш ца нисло. С. Аутаевн кхолларалли н динан поэзин ламасташца йолу уьйр арахьарчу кепашца, рифма йаран башхаллица йац, шен чулацамца, маьІница, бусалба динан бух тІехь дуьнене болчу хьежамашца йу. Динан поэзехь санна, Сулейман-Хьаьжин байташкахь а коьрта ду ши хІума – **кхайкхам а, хьехам а**. Оцу кхайкхамийн, хьехамийн коьрта маьІна ду: дуьсур долчу дуьненахь, шайтІане ша Іеха ца войтуш, къинойх ларлуш, массо хенахь кхана догІур долчу дийнан ойла йеш, Далла кхоччуш Іамал йеш, шен дахарехь нийсонца, бакъонца чекхвалар, нахаца даим кІеда-мерза, гІиллакхе, оьзда хилар. Ма-дарра аьлча, и кхайкхам а, хьехам а авторо шен байташ йоьшуш волчу вайзамахочуьнга къамелдаран кепаш йу. Амма назманийн автор, "со" аьлла, йуьхь, йуьхьша (личность) санна билгалйолуш ца хуьлу, автор "волу меттиг а хаалуш" йоцуш санна йу, назма йазйинарг билггал волу автор велахь а. Сулейман-Хьаьжин байташ шайн чулацамца, маьІница динан поэзин "цІийнах, цІийх а" йелахь а, вайзаманан поэзи йу оцу билгалонца – кхузахь авторо йоккха меттиг дІалоцу, авторан васт а дика къаьсташ кхоллало. Лакхахь хьахийна ма-хиллара, адамаш мел цхьатера делахь а, хІора адам шен ойланшца, синхаамашца,

синкхетамца, шех тера кхин хила йиш йоцуш, индивидум, ша цхьаъ хилар ца духуш, йуьхьша (личность) ца йаьржаш йуьсу Сулейман-Хьаьжин байташкахь. Иза мехала агIо йу. Цхьа а шеко йац, динан поэзин ламасташкахь кхайкхориг, хьоьхург, дуьйцург коьрта ду авторал а. Автор шолгIачу, итталгIачу меттехь а хьовха... цхьа а меттехь вац (масала, вай йуьйцучу назманашкахь). Сулейман-Хьаьжин байташкахь а авторал коьрта ду цо дуьйцург, кхайкхориг, хьоьхург. Амма цуьнца цхьаьна бакъ ду, автор билгалволуш, авторо произведенехь дакъалацар дуьззина долуш хилча, и произведени синхаамийн басарша хазйина хуьлу, ткъа тIаккха оцу произведенин тIеIаткъаман ницкъ мелла а алсамболу.

Кхайкхам. Хьехам. Кхузахь уггаре маьIне хета суна, хьан беш бу кхайкхамаш, хьехамаш бохург – авторан васт. Хьехам, кхайкхам нийсабарехь авторан бусалба динах долчу Iилманан хаарийн тIегIа маьIне ду, ткъа уьш адресато (йешархочо) тIеэцарехь маьIне йу исбаьхьаллин а, оьздагаллин а(нравственни) агIонаш. Иза хьакхало муха беш бу кхайкхамаш, хьехамаш бохучух. Кхузахь тIе тидам бахийта оьшу авторан байтийн йешархочуьнца йолчу йукъаметтигна. Уггар хьалха кхузахь авторан ларам го ша кхайкхам (йа хьехам) беш волчу стаге. Лакхарчо лахарчуьнга деш къамел дац и, Iиттарш йар, цхьаъ аьшнашван гIертар муххале а дац кхузахь. Мелхо а адамах доглазарца, сагатдарца шен бусалба веше беш кхайкхам йа хьехам хуьлу иза массо а хенахь. Цундела йоьшучо (ладугIочо) дагца тIелоцур ду и къамел. Масала:

Оьздачу гIиллакхца
Чекхвалахь дахарехь,
Йуьсур йу хьол тIаьхьа
Дика цIе нахалахь.

Эхартан хазалла –
И ниIмат ду, хьуна,

Хьан сина, дегІана
СовгІат а ду, хьуна.

Сан ваша! ХІара сан
Даггара хьехам бу –
Вайн Делан дуьхьа ахь
Ойлайар дехар ду.
("Даггара хьехам")

Амма, хІоьттинчу хьолан маьІна дан а хууш, хІуманан йа хиламан цІе ма-йарра йоккху автора;

Цхьа нах бу, вай бехдеш,
Вайх маІаш Іиттарца,
Массо а хІуманна
Вай жоьпе хІитторца.

ХІун дича, хІун хир-те? –
Ойланаш йаьржина.
Питна ду, вадарх а,
Вер воцуш, даьржина.
("Дуьненан бала")

Бусалба дино ма-бохху, иман хиларца цхьаьна шеца нохчаллин тоьлла амалш йолчу стеган-авторан васт хьалха хІутту вайна оцу байташкахь. Йишица а, берриге доьзалца а йолу шатайпа мерза а, экаме а йукъаметтигаш дика гайтина Сулейман-Хьаьжас шен байташкахь. Уьш бусалба болчу нохчийн хила йезачу кепара йолу йукъаметтигаш йу, бусалба динца а, нохчаллица а йогІуш йолу йукъаметтигаш. Къаьсттина дагах кхеташ, бІаьргех хи даккха йиш йолуш, хІора стагна шен ненаца хилла марзо карлайоккхур йолуш ду Сулейман-Хьаьжас шена сил а дукха йезаш хиллачу нанна лерийна йаздина исбаьхьа могІанаш. Наной безарх-м цецвала хІума дац, амма хІетте а нене оццул сийлахь безам а, лерам а дикачу кІентан бен хила йиш йац, аьлла тешна ву со:

...ХIай, сан нана,
Хьо сан деган мерз бу,
Хьо мел йеха,
Со мел ирсе веха.
Кху дуьненах
Къаста дезар герга
Хиларна цхьа
Шело йу сан дегIехь...

Хьоме нана –
Йалсаманин догIа,
Хьан доIанца
Дегайовхо лаьтта.
Кхоьруш ву со,
Кхоьруш ву со чIогIа,
Висарна со,
Хьан беркатах хаьдда.
("Йалсаманин догIа")

Амма кхузахь а иманах мискъалзарратал а цавохар коьрта ду авторна, оццул дукха шена нана йезарна ша хатIе ма ларалахь аьлла, Деле дехар а деш.

Махка бала боьссинчу буьрсачу хенахь шен къомана орцахваьллачу, лаккхара доьналла а, кIоргера хьекъал а гайтинчу къонахчун Кадыров Ахьмад-Хьаьжин турпала васт а вуно говза кхоьллина Сулейман-Хьаьжас "Сан гIала", "Къонахчун весет" цIе йолчу байташкахь. Шена тIе тидам бохуьйтуш йу цо доттагIашна лерина йазйина байташ а. Кхузахь автора церан шеца хилла дика йукъаметтигаш хьалха ца йохуш, церан (доттагIийн) дикалла, доьналла, комаьршалла хестайо, уьш халкъан йуьхь ларйеш (ларйина), халкъана хьалха шайна тIехь долу сийлахь жоьпалла диц ца деш, къонахий хилар билгал а доккхуш. Тешамечу доттагIчун лазам а, безам а гойтуш, бакъ дуьнене хеназа дIакхелхинчу Якубов Шамсуддинна лерина йазйина байт Далла хьалха дина вуно дика тоьшалла лара мегар ду.

Мотт муьлххха чу къоман а уггаре коьрта билгало йу. Цундела беза а, сийлахь а бу ненан мотт. Нохчийн маттах кхин йаздан, ала хІумма диса а дисний-те аьлла, дукха байташ йазйина вайн поэташа хІокху тІаьххьарчу шерашкахь. Амма кхузахь а карийна Сулейман-Хьаьжина кхета чолхе а доцуш, амма цхьаммо аьллачух тера доцуш, шайн дика маьІна долуш дешнаш. Мел говза боху поэта, ненан меттан сийлалла масех дашца билгал а йоккхуш:

МостагІчо буьйцуш а,
Хаза бу-кх ненан мотт,
Йиш-вашас буьйцуш-ма
Моз ду хьо, ненан мотт.

Шайн маьІница вуно дика а, аларца атта а нисделла дешнаш, цхьаболчарна ма моьтту, атта йаздина ца хуьлу. Дукха хьолахь уьш хийла йинчу ойланийн поэзин гІирсашца дина жамІаш хуьлу. Царах йу йоьшуш верг, гІийла велар эккхарца цхьаьна, ойлане воккхур волуш йолу хІара байт а:

Жималла дІайаха,
Кхин йогІур йоцуш.
ТІекхечи къаналла,
Вада йиш йоцуш.

Жималла, цхьа жимма
Хьо йухайеъча,
Ма дукха дара сан
Дийца гулделла...

Ас дуьйцур дара хьоь,
Схьайан йиш хилча,
Къаналло со муха
Хьийзаво хІинца...

("Бакъ дешнаш")
19.11.2019 ш.

Шеконийн хьаса боцу цIеналла а, лакхара оьздангалла а хаало йоIе болчу безамна лерина йазйинчу байташкахь. Бакъйолчу нохчаллин лехамаша тоьхна дозанаш цхьаболчу нахана луьра хетахь а, уьш бIешерашкахь, мисар-буолатах йича санна, тешаме кепаш хилла, эхь-бехк, сий, оьздангалла боху къоман синмехаллаш ларйан а, таханлерчу дийне схьакхачон а аьтто хуьлуьйтуш.

Шен цхьаьннан дахаран бен ойла ца йеш вац йа, чувоьлла, нахах хервелла Iаш вац поэт... Бакъдерг а, нийсо а лоьху цо даим. Поэтан сагатдеш ду тIаьхьарчу хенахь дуьнен чохь дукха нислуш долу зуламаш, Iаламан бохаме хиламаш, адмийн ца хуьлу барт, тIемашка доьрзу къаьмнийн девнаш, массо а пачхьалкхашкахь даьржина цамгаран ун... Цо йемалйо харцонаш, шалхонаш, йамартлонаш, моттаргIнаш лелор Халкъан дахар – цуьнан дахар ду, йукъараллин сингаттам – цуьнан сингаттам бу. "Дуьненан дотIана поэтан даг чухула чекхдолу", – аьлла Гейнес. Иза метафора хилла ца Iа, иза бакъдерг ду, бакъволчу поэтах дуьйцуш хилча. Поэт ца хилча а, гонах хуьлуш дерг бен-башха доцуш хила мегар дац цхьа а стаг. Нахана дика-вуон тIедеъча, бала ца кхочуш Iар нохчийн амалехь муххале а мегаш дац. Цундела ма хала дацкх Сулейман-Хьаьжас сагатдарца бохучух кхета, цо ша "вай йоьгIна бIаьвнаш тIулгIено йохорна кхоьру..." аьлча... Баккъал а болчу къонахийн вастан коьрта агIонаш билгалйохуш, поэта боху:

Коьрта Iалашо йу къонахчунна
Халкъан хьашташ кхочушдан некъ лехар.
Ши куьг даим даьстина ду цуьнан,
Дог адамна дIадиллина веха.

Къонахалле болчу некъан тача
Билгалдаьлла, мах бала ца безаш...
Ма къонах ву-кх ницкъ тоънарг дIакхача,
Сий, йахь, оьздангалла – цуьнан герзаш.

("Къонахалле боьду некъ")

Суна Сулейман-Хьаьжа вевзина дукха хан йац. Бусалба динан а, дуьненан а Іилма долуш, махкахь дика вевзаш, нахана йукъахь боккха ларам болуш стаг ву иза. Дуккха а мехкашкахь а, тайп-тайпанчу белхашкахь а хилла иза, хала киртигаш тІе а хІиттина цунна, Іожаллин а, дахаран а зила тІекхаччалц. Амма хІетте а, доккхачу дашна аьлла доцуш, цІена бусалба дог-ойла а, нохчаллин бакъ йолу амалш а цо ларйина хиларо цхьа а шеко ца йуьту цо жимчохь дуьйна хаьржина шен дахаран некъ цунна шена а, нахана а беркате а, нийса а хиларх. "Хаамийн технологийн бІешо" аьлла, цІе тоьхначу вайн заманчохь а бусалба динан а, нохчаллин а синмехаллашца шен дерриге дахар доьзна волу стаг мел кхиаме хила йиш йу гойтуш, кхетош-кхиоран доккха маьІна долуш, дика масал а ду и къоначарна. Аутаев Сулейман-Хьаьжа адам санна а, поэт санна а вайзаманхо ву, оцу дешан дуьззинчу маьІнехь. Доьналлица, стогаллица, нийсонна тешаме хиларца цхьаьна цуьнан байташкахь гуш йу нохчо волчу вайзаманан бусалба стеган адамалла, нахаца къинхетаме, лераме хилар. ТІаккха ойла кхоллало: иштта стаг поэт ца хила йиш а йацара...

Вай кхоьллинчу Везчу Дала аьтто бойла хьан, Сулейман-Хьаьжа!

Цуруев Шарип,
йаздархо, литературни критик

Махкана совгIат

Сан байташ туьйранех
Гул ма ца йелла,
Йа меттан буьххьехь уьш
Кхолла ца йелла.

Сайн даг чохь гулделларг
Коьрта чохь хьийзаш,
Заманца йазйелла,
Ойланаш сийсаш,

Нохчийн къам дезарна
Кхоьллина иллеш –
Сан байташ махкана
СовгIатна хилла.

Вайн меттан хазаллех
IадIан иэхь хеташ,
Ас дагца йаздина,
Лууш сайх кхета.

Дуьненахь йоккху хан
Болуш йу барам –
Сихйелла, дIайоьдий,
Хаьа, сайн зама.

Йоьдучу замано
Ойлане вохуш,
Беркат сайх дисийта
Ас байташ йоху.

28.05.2018 ш.

Ма хаза ду дахар...

Ма хаза ду хІара
Къегина дуьне, сов хаза.
Исбаьхьа ду гонах
Дуьненан беркате Іалам.
Ма дукха дисна ду
ХІинца а гІуллакхаш даза.
Ма кІезиг йу хІокху
Дуьненахь вай йоккху зама.

Ма хаза бу сийлахь
Нохчийн мохк, со ваьхна йурт а.
Ма хаза ду некъаш,
Адамийн дахаран некъаш.
Ма хаза йу корах
Сатосуш чукхетта зІаьнарш,
Ма хаза ду дагна
Беттаса, суьйренца гуш дерг.

Ма хаза ду, ловзуш
Вайн берийн бераш вайх хьерчар,
Ма хала ду, цкъа а
Гур доцуш, вай вовшех къестар.
Мел хан йу ца хаьа,
Тоьхнайерг дуьненахь йаккха,
Мел дукха и хиларх,
Вайна и тоьур ма йац-кха

Вайн кхиа зама йац
Кхочушдан мел лиънарг дагна?
Дуьненах Іаьббарг вац,

И тоьъна, цхьа а ца ваьхна.
Эзар шо хан йоккхуш,
Ваьхна Нухь-Пайхамар лаьттахь,
ХIетте а мел йоца
Хилла цо шен оьмар лаьрра.

– Ахь муха эр дара
Хьайн дахарх? – хаьттича шега:
– Дара ши неI йолчу
И цIийнах тера, – жоп делла, –
Хьалхарчу неIарх ша
Чуваллал, шолгIачух – ара...
Сел доца дара-кха
Сан дахар, – хилла цо аьлла.

Пайхамарна эзар шо
Шен оьмар сел йоца хетча,
Iебар вуй цул кIезиг
Дуьненахь йоккхучу хенах?
Хьайн зама, Iамалйеш,
Диканца йузуш, хьо нислахь,
Йист йоцчу дахарехь
Вехар ву хьо, декъал а хилла.

30.05.2018 ш.

Йалсаманин догІа

ХІай, сан нана,
Сан сил хьоме нана,
Воккхавевеш,
Со хьан бІаьра хьоьжу.
Хьан хазалле,
Хьан дикалле ларам
Бийца ца луш,
Со ойлане воьжна.

ХІай, сан нана,
Хьо сан деган мерз бу,
Хьо мел йеха,
Со мел ирсе веха.
Кху дуьненах
Къаста дезар герга
Хиларна цхьа
Шело йу сан дегІехь...

Хьоме нана –
Йалсаманин догІа,
Хьан доІанца
Дегайовхо лаьтта.
Кхоьруш ву со,
Кхоьруш ву со чІогІа,
Висарна со,
Хьан беркатах хаьдда.

Сих ма лохьа,
Сих ма лохьа, нана,
Хан дІайахнехь,

Со-м хьан бер ду жима.
Хьан къинхетам,
Деган лазам, нана,
Сан жималла
Йахйеш, дарба хилла.

ХIора денна
Деле йоьхуш сайна,
Дог а доьлхуш,
Ас доIанаш до-кха.
Хьо ца хилча,
Дуьне эшац суна,
Доьху хьоьга,
Йахахь суна дукха.

Сийлахь-веза
Тхо кхоьллина Дела,
Хьан кхиэлана
Даим хир ву реза.
Хууш ву со,
Iожалла йац генахь...
Ма ларалахь
ХотIе нана йезар.

Ахь гечдаре
Сатесна ву, амма
Къинойн барз сайн
Совбаларна кхоьру.
Куьйгаш айдеш,
ДоIа деш сан нанас,
Сан сапаргIатдоккхуш,
Тешам кхуллу.

Йехийла хьо,
Йехийла, сан нана,
Йух-йуха а лаьа
Хьан цІе йаккха...
Карор дац-те оьшу
Дешнаш ала,
Хьан дог оьцуш,
Хьо къинтІерайаккха.

ХІай, вежарий,
ХІай, сан къоман кІентий,
Хазчу дашца
Ненан дог аш хьаста.
Вайн ницкъ хир бац, шуна,
Вай мел гІертарх,
Кхачам болуш
Ненан хьакъ дІатакха.

25.06.2018 ш.

Зама

1

ДIайоьду сан зама,
Шен болар иэцна,
Безачех, бевзачех
Къеста а деш вай...
Кхачаме хьехам бу
Уьйрех вай хедар –
Дуьне ма деса ду-кх,
Нийсархойх девлча.

Зама, хьо-м дIайоьду,
Инзаре зама,
Ахь бохург-цабохург
Дош доцу зама.
Дерриге тарло-кх, хьо
ДIайаьлчахьана,
ХIай зама, чекхйаьлла
Хьо йалахьара-кх...

Хетало, вежарех
МостагIий хилла,
Моттало, мостагIех
ДоттагIий хилла...
ХIай, зама, ма чIогIа
Хьо кегайелла,
ДIайалий, чаккхене
Кхачахьа, зама.

Йамартчу мостагIчух
Хир ма вац доттагI,

МоттаргІа лелайарх,
Гучу и волу.
Нагахь шен кайалахь,
Ша когахІоттахь,
Иштаниг йуха а
Зуламе волу.

Бехйи хьо, зама,
Дог дика адамаш
Ахь лецна бале.
КІенташна лакхене
Некъ буьтуш кхана,
ДІайалий йалахьа
Хьо, буьрса зама...

2

Йоьду хьо, дІаедда сиха, сай хилла,
Хетало, зама, ахь ладоьгІна соьга.
Хетало, вайн дуьне цІанлуш ду кІиллойх,
Вежарийн барт чІагІлуш, кийрахь дог доьлу.

Лерг сема, бІаьрг ира йахь йолу кІентий,
Шайн кийрахь детталуш къонахийн дегнаш,
Кхуьуш бу – къинхетам бина вайх Дала!
Зама, хьох хуьлуш йу къонахийн зама!

Халкъана машаре йеана зама,
Пусар деш, и ларйан деза вай Іама...
Къонахий, шу даим гІаролехь латта –
Ларделаш хьомсара вайн сийлахь латта.

Вайн дайша цуьнга сатийсина генахь,
Вайн дайша шайн цIийца лардина хийла...
Дехийла дуьнен тIехь массо хенахь,
Цу Делан дуьхьа вай вежарий хилла.

27.06.2018 ш.

Йишина совгІат

Халочех киртиг йу
ХІоьттинарг суна тІе,
Бакъахьдерг ца хууш,
Ойла йеш, хьийза со.
Тахна ду сан йиша
Дуьнен тІе йаьлла де,
Цуьнан сий-пусар деш
Сан дешнаш кхоллало.

Цхьабакъду, хууш вац,
ХІун йаздан деза-те,
Сан йиша ойлане
Йаькккхинчу дийнах?
– ХІун де ас, сан йиша?
Муха дог иэца хьан?
Декъалйеш, дош ала,
Гайтахь некъ нийса.

Хьан корта хьастий ас,
Мара а къевлина?
Безамца дош алий
Доьлхучу хьан дагна?
Йа доггах велхий со,
Йоьхуш вайн Деле хьо?
ДоІанца кхайкхий со,
Вайн нана санна?

ХІара дуьне дуьсуш ду,
Вайх а цкъа дуьсур ду.
ТІаьхьенаш шайн хан чохь

Йехар йу дуьненахь...
Тахана-м хьан де ду,
Хьан хаза доьзал бу,
Хьан берийн бераша,
Дог хьостуш, пусар до.

Даггара декъалйеш,
Хьан ненан доьзал бу,
Йезаран марзонца
Тхан дегнаш дуьзна ду.
Цундела доьху ас,
Ирс долуш йахалахь,
Ма гойла цкъа а хьан
Де доьхна дахарехь.

10.05.2022 ш.

Ненан мотт

Хазалла хьан йуьйцуш
Йаздархой бийлина,
Говзачу дешнашца
Иллешкахь бийцина.

Везачу Вайн Дала
Билгал а баьккхина,
Сий долчу къомана
СовгІатана хьо белла.

МостагІчо буьйцуш а,
Хаза бу-кх ненан мотт,
Йиш-вашас буьйцуш-ма
Моз ду хьо, ненан мотт.

Дас буьйцуш, ненан мотт,
Шаьлтанах ирло хьо,
Ткъан нанас бийцича,
Бамбанах кІадло хьо.

Оьзда бу ненан мотт
Йахь йолчу къонахийн.
КІеда бу ненан мотт
Сий долчу мехкарийн.

Куц ду хьо, ненан мотт,
Сий дайа гІоьртинарг,
Сий доцчу ваьккхина,
Мохь тоьхна кхайкхийна.

Мотт бу хьо, вайн дайша,
ТІалам беш, ларбинарг,
Ша буьрса лиэбинарг
Турпалхойн могІаршкахь.

Къам холчу хІоьттинчохь,
Балано лаьцначохь
Къонахийн аьзнашца
Бекна хьо, нохчийн мотт.

АллахІан пурбанца
Халкъана синтембеш,
Машаран байракх йу
Тахна хьо, нохчийн мотт!

Дехийла нохчийн къам,
Бехийла нохчийн мотт,
Исламан зІаьнаршца
Серло луш махкана!

07.04.2021 ш.

Йоьду хан

Дуьне а хийцало,
Зама ло хийца,
Шен рогІехь хийцало
Адамийн хьал а.
Сингаттам совбуьйлуш,
Вай доьхна хьийзаш,
Ойла йан ца кхуьуш,
ДІайоьду хан а.

Дахаран сан некъах
КхоалгІа дакъа,
Хийла бІаьрг белхабеш,
Чекхдаьлла виси.
Ден-ненан ма-луъу
Дог хьаста цкъа а
Ца кхуьуш, замано,
ГІорасиз ви со.

Со церан доІанца
Лелийна Дала,
Кху маьлхан дуьненахь
Ас ирс а эцна.
Делахь а, самукъа
Мел чІогІа даларх,
Синтеме ца лелла
Дахаран некъахь.

Вай Далла хастам беш
Долу хьал лоьру –
Нах паргІат бехаш бу,

ТІом а дІабаьлла.
Амма со тулгІено
Йохорна кхоьру
Хин йистехь гІамаршлахь
Вай йоьгІна бІаьвнаш...

Бакъо

Бакъо йезаш хуьлу нах,
Иза гучуйаллалц шайна.
Шаьш бохург цо харц ца дахь,
Бакъдахь шайна тайнарг.

Цу бакъонах харцо йан
Арадолу хийла адам.
Тарло хьох шайн мостагІ ван,
Хьо и харцо бакъйеш вацахь.

Мел ца дезахь, мел ца тахь,
Бакълер сийлахь ма ду нехан.
Сийдолчун ахь сий лардахь,
Бакълен бакъо йу, мел веха.

Кху дуьненан харцонех
Шен сий стага доьхкинехь,
Кхин и меттах ма хьеве,
Цуьнан "бакъо" йу харц лен...

Безаман седа

Даг чуьра сан безам,
Сан сирла седа,
Дахар а къагийна,
Лепаш бу хьо.
Кхоьруш ву, мархашлахь
Хьо схьа ца кхеташ,
ЦIеххьана висарна
Боданехь со.

Жималлехь летта и –
Безаман седа,
Тахана, къар ца луш,
Ахь серло ло.
КIайн заза санна, хьан
Совйуьйлу серло,
Де-дийне мел дели,
Хьо хазлуш го.

Уьйраш мел дIайийларх,
ДIайахарх зама,
Шир ца луш, седано
Дог гIиттадо.
Дуьненахь серло луш
Хуьлда хьо даим,
ДIа ца бовш, гIел ца луш,
Лепийла хьо.

07.04.2018 ш.

Ма йелаш вас

Вежарий, ма йелаш
Цхьанне а вас.
Нехан дог лазийнарг
Тоьлла ма вац.

Герзаца йина чов
Йоьрзуш йу, хьуна,
Са лоцуш, ца кхетахь,
Дарба а хуьлу.

Ткъа дашца йина чов
Йерза ца туьгу.
Хан йаларх, хьан даг тІехь
Цо муо а буьту.

Вежарий, ма йелаш,
Йуьхь йоккхуш, вас.
Харцонца сий дайа
Ма гІерталаш.

Хьайн даг чохь лелорца
Кураллин хьагІ а,
ДоттагІа, ма елахь
Вешина вас ахь.

ШайтІано бакъдолчух
Харцо а тарйо –
Бусалба вешица
Галваларх ларлуо.

Цатам бан вешина
Дац цхьа а хIума –
Дуьнен чохь лехарх а,
Карор дац хьуна.

Диканехь йахь гойтуш,
Вошалла лара,
Бакъонца йаккхалахь
Ахь йоккху зама.

Къонахалле боьду некъ

1

Массо стаг ву араваьлла,
Ша дика къонах а хеташ.
"Стогалла вайх херайаьлла?" –
Шеконаш йу дагах леташ.

Стогалла йайна, стаг висча,
Къонах ву ала ма йиш йац.
Зерашкахь – диканехь, вуонехь –
Ма-варра вевзар ву къонах.

Стаг волу стаг уггар хьалха
Нисвелла хир ву шен динехь,
Дена а, нанна а хьалха
ЙуьхьІаьржа ца ван деш нийат.

Нийаташ цІена а долуш,
Хьасталур ву иза Далла.
Делах бен, цхьаьннех ца кхоьруш,
Къонах верг билгал ма ваьлла.

Къонах стаг хилла, ницкъ кхочуш,
ГІийла мел волчунна накъост.
Цо сацор ву, шеко йоцуш,
Кхаьрдаш верг мискачу нахах.

Йукъ йоьхкий, бакъонна ваца,
Ткъа харцо дера дІачехош,
Хадош шен стогаллин мах ша,
Къонах кху дуьнен чохь веха.

Гуш йолчу харцонна дуьхьал
Дош ала хьуьнар ца хилча,
Алийша, шайн Делан дуьхьа,
Стаг ала бакъо йу мичахь?

Бакъ лен ца даьхьаш вай деха,
Ницкъболчу харцонах кхоьруш.
Доьналлех херделла деха,
Къонахийн цIераш ца лоьруш.

Къонахий хилла вайн къоман,
МостагIий толарх, ца къарлуш,
Шек боцуш, шайн синош, догIмаш
Вайн Делан дуьхьа шаьш дIалуш.

Стогалла – къонахаллина
ТIебоьду халачех некъ бу.
Цу новкъахь стаг ларавинехь,
Сийлахьчу вайн Дала зер ду.

2

«Дала бакъо толайойла», – аьлла
Машар ларбеш, гIаролехь а лаьтташ,
Къоман дуьхьа дахар шен дIаделларг
Къонах ву и, махках дог шен лезнарг.

Коьрта Іалашо йу къонахчунна
Халкъан хьашташ кхочушдан некъ лехар.
Ши куьг даим даьстина ду цуьнан,
Дог адамна дIадиллина веха.

Къонахалле болчу некъан тача
Билгалдаьлла, мах бала ца безаш...
Ма къонах ву-кх ницкъ тоънарг дІакхача,
Сий, йахь, оьздангалла – цуьнан герзаш.

Къам хазделла вайн бусалба динца,
Къонахалла – нохчийн къоман синпха.
Бакъо толош, харцо эшош, аьтта,
Сийлахь лар а йуьтуш хІокху лаьттахь,
Бакъо массо хІумнал хьалайаккхий,
Къонахалле некъ вай карлабаккхий!

Ши дахар

БІаьстенан деношкахь,
Сатоссуш, малх кхета,
Нуьречу зІаьнаршца
ДогІмашна йовхо луш,
Іаьно шен низамца
Цкъа кІайлуш, цкъа Іаржлуш,
Шелдина, дардина
Вайн дегнаш деладеш.

Баннашкахь акхарой
Цо къайлайуьлуьйту,
Дерзинчу Іаламе
Сийна бос оьцуьйту.
Серлонца къагадой,
Дуьненах Іехадой,
Дахаран марзонах
Йухаъ чам кхоьтуьйту.

ХІай, нуьре можа малх,
Йовхо луш кхета хьо,
Доьзало дог хьоьстуш,
Ма сирла къега хьо.
Вайн Дала вайх диса
Кхоьллинчу дуьненан
Хазаллех Іехалой,
Тилла ма лелалаш.

ХІора а когаца
Бисмилла даккхарца,
Дуьненан ниІматна

Вай Далла хастам беш,
Дала тІедиллинарг
Барамехь кхочушдеш,
Ца магош дихкинарг,
ДегІах дІакъастадеш,

ДегІана дезачун
Лааме ца довлуш,
Хьарамчу рицкъанах
Даима лар а луш,
Шайх дуьне дисина
Эхарта дирзича,
Кечдина вайн Дала
Исбаьхьа ниІматаш.

Дуьненал эзарза
Хазйина аренаш,
И шурин татолаш,
Цхьа башха бошмаш а,
Хьозарчийн эшарш а,
Йалсаманин нур лепаш –
Эхартан дахар ду
Цкъа а ша ца хедаш.

ХІара маьлхан кІайн дуьне
Вайн Дала кхоьллина,
Цо вайна харжам бан
Ши некъ а биллина.
Цхьа некъ бу вай декъал
Хиларе боьдуш берг,
Важа некъ – дакъаза
Билггал вай дохуш берг.

Вайн Делан дуьхьа шу
Дихкинчух ларделлехь,
Йалсаманин хазаллех
Ирс оьцуш хир ма ду.
ШайтІанан лаамца
Дуьненах Іехалахь,
Жоьжахатин Іазапо
ДІалаьцна хир ма ду.

19.02.2019 ш.

Делера тешам

Нохчо, хьо кхоьллина,
Бусалба ву аьлла.
Азаллехь йаздина,
Хьо нохчо ву аьлла.

Ма боккха тешам бу
Хьоь Дала кховдийнарг.
И тешам ларбинчех
Хьо хила хьажалахь.

Хьайн динца гІулч йоккхуш,
Даима лелалахь.
Вайн динан сийлалла
Хьайца дІагайталахь.

Нохчо хьо хиларна
Дозаллаш ма делахь,
Кхечаьрца кІоршаме
Цкъа а ма хилалахь.

Массо а къаьмнашна
Хьайгарчу тешамах
Дакъа а кхачадеш,
Нийса чекхвалалахь.

ГІийлачун, мискачун
Хьо накъост хилалахь,
ГІо оьшуш стаг велахь,
Хьо орцахвалалахь.

Дала ша деллачу
Доккхачу диканах
ГІо дан хьакъболчарна
Дакъа деш хилалахь.

Вуьззина къонах вац,
Иманца и вацахь.
Даймехкан сий дийр дац,
Доьналла шен дацахь.

Ахь лоьхург кхечунна
Дезийла хаалахь.
Дала ма-кхоллара,
Хьо нохчо хилалахь.

22.03.2019 ш.

ДоттагІа-къонах

ДоттагІчунна Магомедхаджиев Джабраилна лерина

ХІай, сан сийлахь Нохчийчоь,
Сан дай баьхна Нохчийчоь!
Ахь кхиийна хьан сий дина
Хийла майра къонахий!

ХІай, сан оьзда вежарий,
Сан лераме йижарий,
Дала шена дика дина
Къонах хьахо воллу со.

Нохчийн мехкан тІалам беш,
Шен йуьртахойн йуьхь ларйеш,
Шен ден-ненан хьакъ лардеш,
Делан динехь нисвелларг.

ХІара дуьне девзина,
Коьмаьршаллин шен ши куьг
Йиш-вешина даьстина,
Нохчийн оьзда къонах верг.

ХІай, сан сийлахь доттагІа,
Джабраил, хьо вехийла.
Иштта оьзда къонахий,
Нохчийн махкахь кхуьийла.

06.04.2019 ш.

Некъан накъостий

Соь кест-кеста хуьлу хаттарш
Хаа лууш болучеран,
Бохуш: "хIун дийр дара-техьа
Далла хьалхахь йуьхькIайн хIотта?

Тахна тхуна хьашт ду чIогIа
ЦIена, нийса хьехам хазар,
Нийса болчу новкъа довлар,
Даллалц кхин и дIацатасар".

АллахI-Дела цхьаъ ахь варца,
Тоьшалла дан сихо йелахь.
Ахь тоьшалла делахь барта,
ТIаккха дагца и чIагIделахь.

Цу тIехь гал ца волуш цкъа а,
Хьо чIагIолахь, шеко къахкош.
Дела цхьаъ вахь,Iилманах а
Тешам болуш хуьлу кхачо.

Хьо ламазна дIа ма-хIоьтти,
Ойла кхерстош, виц ма лолахь.
Дерзо гIерташ и катоьхна,
Варий-варий, сих ма лолахь.

Далла хьалха дIахIоьттина,
ДоIанца хьо доьхуш велахь,
Хьо хилар а лаьтташ иштта,
Диц ма делахь, сих ма лолахь.

Хьан ламазаш Далла гергахь
ЦІена, кхачам болуш нислахь,
Йалсамане болчу некъахь
Хьо хилар а хууш хила.

Оцу некъан хазаллица
Дог ир-кара хІиттадарца,
Хьайна некъан накъостий а
Лоьхийла ахь хьайн иманца.

Дала вайна делла кара
Вайн а доцу дукха даьхни.
Хьакъ долчунна и дІадала
Виц ма лолахь хІинццехь, тахна.

Тешам болуш хьо хиларца,
Нехан долу хьакъ лардарца,
Закат, хьуна накъост хилла,
ДІахІуттур ду цхьана дийнахь.

Массо меттехь, массо хенахь
Мархийн бутт ахь, сий деш, лерахь,
Цул а гІоле некъан накъост
Карор ма вац хьуна кхана.

Дийнахь кийра ларбеш баттахь,
Делан дуьхьа, чІагІ а лолахь.
Иман лардеш, куьйгех, маттах
Нах ларбелахь, хьуо ларлолахь.

Хьан дегІах ша закат хилла,
Мархийн бутт а дІахІоьттина,

Далла гергахь накъост хилла,
Гур бу хьуна цхьана дийнахь.

Хьайна Дала йелла йолчу
Могашаллин пусар делахь,
Хьайн даьхница, хьанал долчу,
ХьаьжцIа гIолахь, аьтто белахь.

Къобалхилла хьаж а долуш,
Хьан йиш хилахь, йухаверза,
Йалсамани совгIат долуш,
Хир ву хьуна Дела реза.

Оццул дика накъостий хьан,
Къинхетамбеш, белла Дала.
Везчу Далла хастам бина,
Диц ма делахь, сий деш, лара.

Далла хьалха йуьхькIайн волуш,
ХIотта лаахь хьайна нагахь,
Хьайн ден-ненан хьакъ тIехь долуш,
Ма хIотталахь, ма хIотталахь!

12.05.2019 ш.

Нахера хьал

Йахана заманаш,
Дин матдеш, йахара,
ХІетте а иманах
Ца боьхна нах.
Тахана-м паргІато
Йу массо махкана,
Амма го хербелларш
Вайн иманах.

Дешна нах кІезиг бара
Йаханчу заманчохь,
Іилма а, гІиллакх а
Барамехь дара.
Тахана Іелам нах
Кхуьуш бу вайн махкахь,
Іилманца некъ буозар
Делахь а хала.

Йа АллахІ, ларделахь
ШайтІанан лаамах,
Бакъонехь нисделахь
Кхетамехь, амалехь!

IV-V.2019 ш.

Ненан кхерч

Кхин ши чо къежбелла
Карий сайн ненан,
Йуьхь тІера серло а
Кхоьлина го.

Йиш йолуш велара-кх
Хьан даг чу хьежа
Сулайман-Пайхамаран
Говзаллехь со.

Ас доьшур ма дара,
ТІекхуьуш, стенна
Чукхетта хьан бІаьргаш,
Делхош сан дог.

Йа, АллахІ! Хууш вац
ХІун хилла сайна,
Сингаттам базбелла,
Хьере ву со...

Кхоьру со висарна,
Ненан кхерч боцуш,
Йиш йоьхна, гІайгІане
ЦІавирзина.

Сан нана, йуха а
Ву со хьоь доьхуш,
КъинтІера йалалахь
Сан къиношна.

Нагахь ас, дог дохош,
Халахетар динехь,
Схьаалий, тоба дан
Некъ биталахь.

Сан нана, сан хьоме,
Сан сийлахь нана,
Хьо йоцуш дуьне а
Лур ма ду къахь...

Мехкан дай

Дуьне дуьсур ду,
Тептар къовлур ду,
Лехнарг дуьненахь,
Кхана карор ду.

Доьзал кхиийнехь,
Динца нисбеллехь,
Дала совгIат деш,
Тептар доьллур ду.

Делах кхераро
Ойла кIад ма йо,
Динан вошалло
Дахар хаз ма до.

Iеха ма луо вай
Хазчу дуьненах,
Дуьсур ша долчу
Кху харц дуьненах.

Къоман дозалла
Оьзда кIентий бу,
Наной, йижарий
Церан чIагIо йу.

Нанойн доIанца
КIентий кхиийна,
Къомо лаамца
Машар хаьржина.

Къоман хазалла –
Оьзда мехкарий,
Церан цІеналла –
Нохчийн мехкан сий.

Дала кхоьллинчу
Массо къаьмнашца
Деха бертахь вай
Ларам хиларца.

Лехац лакхалла,
Эшац дозалла,
Амма мехкан дай
Хилар лаам бу.
Лаам кхочушбар
АллахІ-Делехь ду,
Динца догІуш дерг
Шен жамІ долуш ду.

Дика вежарий,
Хьоме йижарий,
Нохчийн сийлалла
Иман, ислам ду.
Цу сийлаллица
Деле дирзина,
Декъалхиларан
Новкъахь вайн къам ду.

25.07.2019 ш.

Сан гІала

(*Кадыров Ахьмад-Хьаьжин ойланаш)*

Соьлжа-гІала, «буьрса» гІала,
Ши бІешо хан кхечи хьан.
Хьан дог хьостуш, дош хьох ала,
Воллу со – хьо декъалйан.

Массо заманашкахь хийла,
МостагІ вогІуш Нохчийчу,
Хьайн къам лардеш, цуьнан сий деш,
Баланаш хьо гина йу.

Йагош, отуш, йуха гІоттуш,
Денлой, серлайолура.
Амма керла бала кхочуш,
ГІеллой, бІарзлой, хьаьвзара.

Эххар, баккхий тІемаш бевлла,
Гуттар холчу хІоьттира.
Урам боцуш, гІишло йоцуш,
Аьтта охьайиллира.

Суна гина, гІийла, йоьхна,
Орца доьхуш, хьежар хьан.
Амма йац хьо, хийла йоьжнехь,
ГорахІуттуш, къарйелла.

Дукха наха, дог диллина,
Хир йуй бохуш, денйелла,
Сан дог дара чІагІо йина,
Араэккха кечделла...

Хьан дегІана хилла чевнаш
Дагца ас тІеийцира.
Ши куьг лаьцна, ши бІаьрг белхош,
Ас хьо Деле йийхира.

Нигат дира меттахІотто,
Хьоьца дуоза дахар а...
Сан къомана деза совгІат,
Хьо йелира Дала схьа.

Суна кхаъ бу хилар тахна,
Сан дош лардеш, доьзалхо.
ГІала меттахІоттайарна,
Нехан дегнаш хьоьсту цо.

Ас хастам бо везчу Далла
ДоІанна жоп даларна.
Шен де даздеш, декъалхилла,
Соьлжа-гІала йахарна.

Нохчийн къоме лаьа ала,
Бертахь, оьзда дехийла.
Нускал санна, хаза гІала
Кхин бале ма лоьцийла.

ЦIонтаройн кIант

Таймасханов Бекханна лерина

Дуьххьарлерчу баттахь Iаьнан
БорхIалгIачу дийнахь цIахь,
Дуьнен чу хьо хилла ваьлла
Нохчийн йуьртахь **ЦIоьнтарахь.**

Ло диллина аре къагош,
Йохйеш маьлхан зIаьнаро.
Дуьнен чу хьо хилла веъна
Даймехкан кIант-цIонтаро.

Нохчийн кIентий, ладогIал аш,
Илли ала воллу со.
Оьзда къонах декъалварца,
Хастош ваша, цIонтаро.

ЦIена орам болчу диттан
КIайн даьккхина заза санна,
Бийца бух шен болчу цIентIехь
Дуьне девзаш, когавахна.

Къонах тайна кхиънаваьлла,
Йукъаваьлча нахана,
Нохчийн мехкан йуьхь ларйарца
Дика цIе шен йитина.

Шен да-нана резадина,
Вошалла а лардира.
ДоттагIаллин лерам бина,

Дика накъост хилира.
АллахІ реза хуьлда хьуна,
Хьо ларвойла массо вонах.
Могаш-маьрша хьо вехийла,
Нохчийн къоман оьзда къонах.

15.10.2018 ш.

Иштта ду хIара дуьне…

Де дийне мел дели,
ДегIе а хаамбо
Дахаран хьан денош
Дагарлуш хиларо.

Гонаха бIаьрг бетташ,
ГIийла ахь ладоьгIуш,
Орцане салаьтташ,
Карайо ойланаш.

Iожалло каетташ,
Уьйрех вай къестадо.
Дех-ненах, йиш-вешех
Хьегадеш, делхадо.

Иштта ду-кх хIара дуьне –
Дуьсуш, вай Iехадой.
Мел чIогIа чIагIвелларг
ДIалоцу Iожалло.

Цу Делан дуьхьа вай
Мел динарг дуьсур ду.
Хазачу дашна а
СагIин йал кхочур йу.

Дуьнен чохь ахь динчу
Диканийн чот йина,
ЙуьхькIайчу хьо вина,
Далла тIеоьцур ву.

22.10.2019 ш.

Бакъ дешнаш

Жималла дІайаха,
Кхин йогІур йоцуш.
ТІекхечи къаналла,
Вада йиш йоцуш.

Жималла, цхьа жимма
Хьо йухайеъча,
Ма дукха дара сан
Дийца гулделла...

Ас дуьйцур дара хьоь,
Схьайан йиш хилча,
Къаналло со муха
Хьийзаво хІинца...

19.11.2019 ш.

Ма белахь тешнабехк

Ма белахь тешнабехк
Хьайх тешначунна,
Дог Іовжош, бІаьрг белхош,
Чов ма йе цунна...

Ма йита хьайх тешнарг,
Цхьалха, де доьхча,
Мохь тоьхна, кхайкхича,
Орца а доцуш.

Жималла ца кхоош,
Доьзал кхиийна,
Хьох тешна йаьхна и,
Лардеш хьайн сий а.

Нахалахь сий дайий,
Дакъаз ма вала –
Хама бе деллачун
Хьайна вайн Дала.

12.2019 ш.

Безаман шовда

Къоналлехь мехкарийн
МогІаршка бетташ бІаьрг,
Каро сатуьйсура
Хьан дагах кхеташ йерг.

ДегІана сов аьхна,
Ткъа дагна там хуьлуш,
Денош дІаоьхура,
Безамах Іехалуш.

Хийлаза ловзаргахь
Сан хабар тІедаьхьча,
Нисбелла резаберш,
Реза цахуьлурш а.

Ишттачу лехаро
ТІаьххьара нисвора,
Хьайн деган безаман
Шовдан тІе вуьгура.

Кхолламаш нисбелла,
Доьзалш а кхиира,
Доьзалийн доьзалша
Со ирсе ма вира...

Даггара хьехам

Хьайн когаш кIелахь дерг
Дуьне дуй, хаалахь.
Айхьа мел боккху ког,
Лар а луш, баккхалахь.

Дуьненан хазалла
Стаг Iехош йу, хьуна,
Хьайн дегI а, хьайн са а
Дакъаз ма даккхалахь.

Адамийн Iер-дахар
Цхьатера дац, хьуна,
Нах битий, хьайн долчу
Дахарца вахалахь.

ШайтIанна лууш дерг
Хила ма герга ду:
Нехан хьал-бахаме
БIаьрг а ма бетталахь,

Нагахь хьан дегI далахь
ШайтIанан лааме,
ХьагI-гамо хьаьрчина,
ХIаллак хир ву, хьуна.

Вайн Дала деллачун
Пусар деш хилалахь –
КIезиг бен дацахь а,
Беркат хир ду, хьуна.

Оьздачу гІиллакхца
Чекхвалахь дахарехь,
Йуьсур йу хьол тІаьхьа
Дика цІе нахалахь.

Вайн Делах кхерарца,
Доггах И везарца
Хьо ваьхнехь, хьан чаккхе
Хаза хир йу, хьуна.

ХІора мел боккху ког
Иштта ша баьккхинарг,
Эхартан хазалле
Кхочур а ву, хьуна.

Эхартан хазалла –
И ниІмат ду, хьуна,
Хьан сина, дегІана
СовгІат а ду, хьуна.

Сан ваша! ХІара сан
Даггара хьехам бу –
Вайн Делан дуьхьа ахь
Ойлайар дехар ду.

07.04.2020 ш.

Дуьненан бала

Лаьтта бала боьсси,
Кхоьссина топ йоцуш,
Нах бу хьере, боьхна,
Бехкеван стаг лоьхуш.

Йарташ йассайелла,
Урамаш ду даьсса.
Сингаттамехь хIора
Шен дегIаца, дагца...

ХIун хир, хIун гур-техьа,
Ойланаш ма кхерста,
Амма массо ву-кха
Дикане сатесна.

Маьждигаш ду даьсса,
Тезеташ ду гIийла.
Велларг верзор лахьте
Валар санна хилла.

Дакъа лийчош доцуш,
Марчо хьарчош доцуш,
Вай кешнашкахь белларш
Бу-кха вай дIаберзош.

Дика дерг бен даим
Схьалуш ма дац Дала...
Боссар хIара бала
Вайн бехкенна лара...

Бакъонна букъ тоьхна,
Харцонашца тайна,

Вайн куьйгаша дуьне
Сийсаздаькkхи вайна.

Адам, кхета хьажа,
ХІара дуьне вайн дац.
Цунах Іехавелларг,
ХІаллакьхилла, вайна.

Бакъонан куьг лаций,
Бохург де вай Дала,
Йемалйина харцо,
Довлий вай кІелхьара!

Цкъа мох баьлча кІеззиг,
Вай ма кхераделла...
Бодано дІалаьцна
ХІара дуьне дерриг.

Ницкъ болуш верг – Дела.
Хьастадалар – вайгахь.
Тоба, доІа дарца
Бе вай хІинца кхайкхам!

ХІай, адамаш, дерриш
Вежарий а хилла,
Бакъдолу дош Делан
Схьаэций вай хІинца!

Бакъдерг эшош, харцо
Толаме а кхачош,
Ма дицде вай эхарт,
Ма довлий вай дакъаз.

02.05.2020 ш.

Къонахчун весет

Буьрсачу тIемаша,
ГIайгIане ва эгош,
Адамаш бIарздина,
Вайн дуьне Iарждира.
ХIораммо каетташ,
Бакъ-харц а ца къестош,
Бух боцчу Iинна тIе
Нохчийн къам кхачийра.

Къомаца дIаийна,
ГIайгIано лецира,
Ас орца дехарца
Вайн Деле кхайкхира,
Къам балех даккхаран
Некъ аса лехира,
Дехарна жоп делла,
Дала некъ гайтира.

Да-нана резадан
ГIодайукъ йихкина,
Со ара велира,
Бакъонах герз дина.
"Дала бакъо толайойла", –
Ас кхайкхам бинера,
И дагца тIеэцнарг
Сан некъа хIоьттира.

"ТIом сацо ца веъна...
Чекхбаккха веъна со", –
Вайн къоман паргIато –

Ас лехна Іалашо.
Сан весет ду шуьга,
Бакъонан доладеш,
Харцонах бакъо йан
Цкъа а ма хьовсалаш.

Сан некъ бу КъурІанца,
Суннатца буьстина,
Кураллин ачонах
Аш иза ларбелаш.
Сайн дахар махкана
ДІаделла дуьззина.
Дуьненахь йитна лар
Аш йиц а ма йелаш.

Вайн Дала деллачу
Доккхачу ниІматах,
Ирс оьцуш, комаьрша
Дахалаш шу бертахь.
Массо а къаьмнашца
Барт болуш хилалаш.
Дозаллаш дарца шу
Сий айдан ма гІерта.

Иманца, собарца,
Бакъонца йахь хилахь,
Сий долуш, йуьхь йолуш
Дехар ду лаьтта тІехь.
ХІоранан хьакъ лардеш,
Машар аш кхайкхабахь,
ТІом боцуш, синтеме,
Хир йу шун тІаьхье а.

Делан дош, суннат а,
Ларделаш, довзалаш,
Бакъонца сан новкъахь
Чекхдовла хьовсалаш.

БІаьстенан суьйре

Ма хаза йу вайн цІахь
БІаьстенан суьйре,
ЦІийлучу зІаьнаршца
Чубузу малх гуш.

Ма сирла, цІена ду
Вайн мехкан шовда,
Ма хаза йу заза
Даьккхина бошмаш.

Ма хаза ду дуьне,
Гондхьара Іалам,
Ма хаза йу хьайн цІахь
Ахь йоккху зама.

Ма хаза ду вайн къам...
Нохчалла – чІагІо,
Мехкан сий лардойтуш,
Нуьцкъала агІо.

Ма хаза бу вайн мотт
Пондарца бекаш,
Иллешкахь кхайкхадеш
Вошалла, безам.

Ма хаза бу вайн мохк,
Сан хьоме Марта.
Ма ирс ду-кх ненаца
Вай оьцу марзо.

Нохчийчоь, йахалахь,
Сий долуш, маьрша,
БІаьстенан суьйрено
Хьан дог а хьостуш.

Буобер

Дуьне серладаьккхинарг
Малх бу, суна моьттура.
Буьйса иштта къагийнарг
Беттаса ду, хетара.

Суна хІинццалц моьттинарг
Бакъ ца хилла, кхетта со.
Суна хІетахь тарделларг
Хилла жимма гІалатло.

Деца йолуш марзонаш,
Дуьне хилла-кх дуьззина.
Ненан хьоьга къинхетам –
Дахар хилла-кх ирсаца.

Марзо йоцу дуьне а
Дуьне суна хеташ дац.
Нана йоцу дахар а,
Дахар ала, дахар дац.

06.08.2020 ш.

Динан малх

ДоттагIчунна Шамсудди-Хьаьжина лерина

1

Латтанаш, стигланаш кхоьллина Дела,
Адамаш, дийнаташ кхоьллина Дела,
Къинхетам сов болу, цхьаъ волу Дела,
Хьайн лайшна гечделахь, йа АллахI-Дела.

Маликаш, жинаш а кхоьллина Дела,
Бусалба, керста а къастийна Дела,
ДоIа деш кхайкхича, жоп лур ду аьлла,
Тхан дегнаш хьаьстина, йа АллахI-Дела.

Жоп дала дезар дуй, ду тхуна хууш
Дуьненахь йоккхучу кIеззигчу хенах.
ХIетте а, шайтIанан лааме дуьйлуш,
Леточу къиношна гечделахь, Дела.

Массо а адамна хан тоьхна, Дела,
Iожалло каетта, хьан омра лардеш.
Йеъна и схьакхаьчча, дан амал дац тхан,
Хьалха а, тIаьхьа а тетта йиш йац-кха.

Дай-наной дIакхелха, Iовжош тхан дегнаш,
Йиша-вешех къеста тхо, гIийла бIаьрг бетташ.
Баккхий а, кегий а доьзалхой белхош,
Тхайн уьйрех хеда тхо, йа АллахI-Дела.

2

ДоттагIа, доттагIа, ма чIогIа сихвелла,
Йуха тхоь ца хьожуш, дIаваха хьо.

Дуьнен чохь дисна тхо, хьох хьоьгуш ду хьуна,
Хьо воккхавевойла хьан валаро.

Хьан дахар, хьан лелар Далла гуш дара,
Маликаш хьийзара, ойъуш хьан барам.
Безачу, сийлахьчу мархийн кху баттахь,
ГІазотан йолаца хьо вирзи лахьте.

Делан дош дахарехь ахьа лардора,
Бусалба динца хьо марзонца ваьхна,
ДоттагІийн ларам беш, пусар а дора,
Цундела сан хьуна дог доьлху тахна.

Нахаца гІиллакхе, комаьрша вара,
Хьайн дена, нанна хьо муьтІахь кІант хилла.
Йишица-вешица дог цІена вара,
Доьзалан дола деш, дика да хилла...

Йа АллахІ, йа Рабби, хІай Веза Дела,
Хьан хьокъах уьйр хаьдда мила хир-техьа?
Хууш йа ца хууш, къинош тхох хьерча...
Доьху хьоь, йа АллахІ, ахь тхуна гечдар.

Тхан ваша-доттагІа, некъ дика хуьлда,
Эхарта дІакхачар йухькІоме хуьлда,
Элчанан шапаІат совгІат а хуьлда.
ТІеоьцуш, эвлйааш хьан гуонехь хуьлда.

Йа АллахІ, йа Робби, хьан лайш бу миска,
ДоІанца хьоь кхойкхуш, сужуде эгна.
Тхан сакхташ, гІалаташ, тхан къинош дицдеш,
Йа АллахІ, тхан Дела, тхуна гечделахь.

Нохчийн йоI

Йахь йолчу къонахчун,
Оьздачу зудчун,
Кхоллам а нисбелла,
Дуьнен тIе йаьлла.
Цу маьлхан нур санна,
Сибаташ ду хьан,
Дуьнене мел эвхье
Хьоьжу хьан бIаьргаш.

Ламанца бухдуьйлу
Шовданаш хьаьъна,
Деган мерз бекаш бу
Цу беттасица.
Нохчийн йоI, оьзда къам
Кхиийна ахьа,
Дахаран некъашкахь
Лардеш хьайн сий а.

Нохчий йоI – хьо йуьхькIам
Хьайн нанна, дена,
Вешина даима
Хьо синтем хилла.
ХIусамехь – тешаме
Массо а хенахь,
Хьан кхоллам хьан халкъан
Куьзга ду нийса.

Нохчий йоI, хьо хилла
Къонахийн нана,
Дайх терра, йахь йолуш

Уьш хила лууш.
Эрна ца техкийна
Ахь царна ага,
Хьох даьлла беркат ду
Массарна хууш.

Ойланаш нисйина,
Дегнашца кхетий,
ХІуъа тІенисдаларх
Дахарехь хийла,
Ларде вай ненан сий,
ХІай, нохчийн кІентий,
Ларбе вай мехкарий –
Йижарий сийлахь.

Сий долу вежарий,
Тоба деш цІена,
Бусалба хила вай,
Дош лардеш Делан.
Сий лардеш, цІе ларйеш
Вай къоман, мехкан,
Дуненахь, эхартахь
Хилий вай декъал.

17.03.2021 ш.

БиъмогIанаш

* * *

Хуьлуш дац хIумма а,
Сатийсарх, дог дахарх,
Iалашо кхочушйан
Къахьегар хьан дацахь.

* * *

Тахана ахь динарг
Карор ду кхана...
Цадинарг, мел лехарх,
Карор дац цкъа а.

* * *

Оьшуш вац хIара дуьне,
Сел йамарт долу,
Харцонех ша дуьзна,
Цкъа эккхар долу.

* * *

Дуьненахь гIаланех
Самукъадалрх,
Йалсаманин тоьли чохь
Реза-м ву ваха.

* * *

Адамалла нахехь йовш йу, хуьлуш эшам,
Хета, гIиллакх доьхнадаьлла гIиллакхах.
Йамартлонах дIаиэбелла хIинца тешам...
Дуьне-м... дуьне шен харцонца дисина-кх.

* * *

ОьгІазалла къинхетамал хьалхайаьлла,
Харцонашна хьалха бакъо таьІна го.
Іаламан а йайна хилла исбаьхьалла,
Жимчохь санна, хІаваъ цІандац догІано.

* * *

Йо, Дела! Хала-м ду харцоне ладегІа,
Кхин а сов хала ду, теш хІиттош харцонна.
Сужуде баха ца хуучу цу нехан
Хьехарша хьийзабо Іилманан охІланаш.

* * *

Ма хаза бу-кха вайн нохчийн мотт,
Іеминехь и доггах бийца.
Хьан дагах беттало нохчийн мотт,
Цкъа боьлуш, цкъа гІийла тийжаш...

Дош

Алархьама аьлларг дош
Цкъа йуьхьІаьржа хІуьттур ву.
ЦІархазамна йаздеш верг
Хийла дохковуьйлур ву.

Сих а ца луш, алалаш
Олуш долу хІора дош.
Ойлайай цкъа, йазделаш
Дагахьдолу могІанаш.

Алархьама дош эр дац,
Хьекъал долуш велахь стаг.
Йаздархьама йаздеш вац
Иман шегахь долуш верг.

11.01.2021 ш.

ДІаэцийша сан бакъо

Тамаше зама йу
Сан дахар нисделларг,
Адамийн къизалло
Дуьне Іарждина.
Тамаше зама йу
Адамо къарйинарг,
Харцоно эккхийна,
Бакъо човхийна.

Тамаше адам ду,
Бакъоне сатийсарх,
Сий дайна шаьш хьийзаш,
Харцоно чехош.
Бусалба ма ду вай,
Вайн динехь нийсаниг –
Имамаш бу кхайкхош
Бакъонан некъаш.

Тамаше адам ду
«Бакъ-новкъа» даьлларг а,
Бакъ йолчу бакъоне
ЛадоьгІуш дерг а...
Ца волуш "ДІаэца
Сан бакъо!" – аьлла стаг,
Харцоно бІарздина,
Адамаш деха.

Дарж долчохь бакъо йу,
Дохнаца – ларам,
Іилма а хьийзаш ду

Цу шинна герга...
Бакъ йолу бакъо йо
Къобал вайн Дала,
Хастам-йаI, вай дезаш
Деле дIадерза...

03.02.2021 ш.

Нохчо ву хьо

Ма лолахь дуьненах Іеха,
Цкъа дохко хьо вер ву, хьуна.
Лийр хилар ахь диц ма делахь,
Вайн оьмар йоца йу, хьуна.

Хьажалахь резаван Дела,
Билггал и карор ду, хьуна.
Нахаца тарвалар леха,
Сий-ларам кхочур бу, хьуна.

Собарх хьо ца вухуш ваха,
И коьрта толам бу хьуна.
Тешаме даим чекхвала –
ТІаккха хьо маьрша ву хьуна.

Дозаллаш цкъа а ма делахь,
Адамийн бІаьрг бодур бу хьох.
Кураллаш йиталахь генахь,
Дакъаза цо воккхур ву хьо.

Лакхалла хьайна ма леха,
Далла и ца йеза, хьуна.
ТІех дукха таьІна ма лела,
Хьо атта хетар ву, хьуна.

Доьзалх тІех Іеха ма лолахь,
ЙуьхьІаьржа хІуттур ву, хьуна.
Бахамна лолле ма гІолахь,
Сийдоцчу хьо вер ву, хьуна.

Нохчалла сийдарца айъахь,
Даима хьо йуьхькIайн хир ву.
Де доьхча, стогалла гайтахь,
Къонахчун хьо даржехь хир ву.

Бусалба динца хьо вахахь,
Хьайн сица хьо цIена ву-кха.
Эхь-бехк, сий белахь хьан бахам,
Бакъволу нохчо хьо ву-кха.

Эльбрус

Кутрашев Эльбрусна лерина

Эльбрус ломах терра лекха,
Зоьртала вац дегІана.
Бакъду, къонах ву хьо мехкан,
Нохчо ву хьо вуьззина.

Дала похІма, хьекъал делла,
Хьо къомана йуьхькІам бу,
Россин цІарах тешам белла,
Іарбийн махкахь векал ву.

Нагахь тешам ахь хьайх ларбахь,
Нохчех тешам чІагІлур бу.
Ахь биллинчу новкъа ваьлларг
Кхиамашка кхочур ву.

Кхиийначу хьан ден-ненан
Дегнаш хьаста хиъна ву.
Хьайн махкана, хьайн халкъана
Диканиг дан лиъна ву.

Вехийла, тхан дика ваша,
Ирсе, наха ларам беш.
Хьо бусалба нохчо волуш
Воккхаверца, хастам беш.

30.04.2021 ш.

Ненан аз

Дуьненан марзонах стим хилла,
ЦIеххьана жималла дIайаьлла,
Іаьржачу боданехь со висна,
Тахана дуьззина шо кхечи.

Ненах сайн къастар ма дазделла,
ХIара дуьне къахьделла, бIарзвелла,
ГIайгIано вожийна къиза,
Тахана дуьззина шо кхечи.

Ненан аз хазаро синтембар,
Сайн дахарх, сайн доьзалх воккхавер
ДIадаьлла, со цхьалха висна,
Тахана дуьззина шо кхечи.

Іуьйранна нене вистхилаза,
"Марша ва, Уман", – аз хазаза,
ХIара дуьне шелделла суна
Тахана дуьззина шо кхечи.

Вежарий, варийлаш, доьху ас,
Ненан дог аш доггах хьасталаш,
Иштта а хIара кIеззиг Дуьне,
Нана ца хилча, дац данне...

Барт хиларе кхайкхам

Бакъонах тийсало харцо,
Цецйаьлла бакъйолу бакъо.
Харцонах таръелла бакъо –
Бакъо йац, и йаьллехь хьарцлен.

Селхана кхайкхина бакъо
Харцхилла схьагича тахна,
Харцоно Іадийна дуьне,
Бакъоне сатуьйсуш дуй-те?

Бакъоно къахкийна харцо,
Мохь бетташ, йекаш йу тахна.
ХІай нохчий! Аш йелаш само –
Харцонах ма тарйе бакъо.

Лалур ду дика а, вуон а,
Даймехкахь вай дехаш хилча,
Вайн Деле до хІора доІа,
Бакъоне къам кхойкхуш дича.

Вайн Деле собар а доьхуш,
Цхьаъ хилла, гулдала деза.
Кху арахь, Даймахках хьоьгуш,
Къоман барт вай чІагІбан беза.
.
Делан дош хьалха а даккхий,
Даймахках аманат дарца,
Бакъболу вежарий санна,
Деза-кха вай бертахь даха!

29.07.2021 ш.

ХIай, миска…

ХIай миска, сан ваша,
Хьо йисте кхочуш ву,
Цкъа саций, ойлайе
Йаханчу заманан.

Вайн Далла хьасталуш
Хьо хилла вуй-техьа,
Цу нехан хьашташка
Хьо хьаьжна вуй-техьа?

Хазачу гIиллакхца
Дог цIена хиллий-те?
СагIанца совгIат деш,
Гергарло лелиний?

Ден-ненан йуьхь ларйеш,
ТIаламбеш леллий-те?
ХIай миска, сан ваша,
Хьо йисте кхочуш ву...

Цкъа саций, ойлайе
Йаханчу заманан.
Дуьненах Iехалуш,
Хьо Iеса вехий-те?

Нохчалла дицделла,
Дозаллаш ахь дой-те?
Лакхалла йезарна
Эхь-бехк а дицдой-те?

Куралло бІарзвина,
Хьо дакъазваьллий-те?
ХІай миска, сан ваша,
Хьо йисте кхочуш ву...

Цкъа саций, ойлайе
Йаханчу заманан.

Нагахь хьайн ойлано,
Синтембеш, дог хьастахь,
Хастамбеш доІанца,
Деле хьо верзалахь.

Ткъа ойла кхерстарца
Шеконца хьо хилахь,
Сихонца тобадай,
Дохко хьо валалахь.

Йа АллахІ, гечделахь,
Мискачу хьайн лайна.
Йа АллахІ, доьху ас,
КъинтІеравалалахь.

Дохковаьлла...

Вай Далла хастам беш,
Вуьйцуш вайн элча,
Цкъа хаза гулделла,
Вай Іаш ма дара.
Сан бакъо, хьан бакъо
Къовса а йелла,
Иблисан лааман
Дахара кара...

Йа АллахІ! Со бахьнехь
Вас хиллачунна,
Хьайн йалсаманица
СовгІат ахь дехьа.
ДоттагІа, ма дохко
Со ваьлла, хьуна,
КъинтІера валий ахь,
Хилларг дицдехьа...

24.10.2021 ш.

Вайнехан дозалла

Цхьаболчу "къонахийн"
Лелар а, амал а
Лолле ма дирзина –
Дагна ца лало и.

Шайн меттан буьххьехь ду
Ловзош дайн дозалла,
Ткъа цхьанхьа кхерсташ йу
Бакъйолу оьздалла.

"ГІиллакх" ду гІиллакхан
Кеп хІиттош тахана,
Туьйранех, аьшпех а
Къамелаш даьржина.

Цхьа нах бу, вай бехдеш,
Вайх маІаш Іиттарца,
Массо а хІуманна
Вай жоьпе хІитторца.

ХІун дича, хІун хир-те,
Ойланаш йаьржина.
Питна ду, вадарх а,
Вер воцуш, даьржина.

Дуьне а, эхарт а
Долахьдерг АллахІ ву.
И ший а къевсина,
Дарделла адам ду.

Адамаш, кхетийша,
ХІара дуьне дуьсур ду.
Къематан цу дийнахь,
Жоп дала дезар ду.

Буьйцург цхьа мотт хилча,
Кхайкхош цхьа дин хилча,
ШайтІано Іехийна,
Вай хІунда лела-те?

Цу Делан дуьхьа ас
Дехардо, совцийша,
Вайн къаьмнаш, барт болуш,
Даха а дитийша.

Зандакъа

1

Нохчийчоь, сан Даймохк –
Дай баьхна латта,
Доьналлин гІап хилла
Даима латта.

Йахь йолу къонахий
Кхиийна латта,
Оьздачу мехкарша
Хаздина латта.

Хийлаза мостагІчо
Дагийна къиза,
Делахь а йуха а
Денделла иза.

Лазийна, Іовжийна,
Човхийна латта,
Денделла, ницкъ кхаьчна
Хийлаза гІатта.

2

Зандакъа – Даймехкан
Тешаме агІо,
Махкана эшначохь
Хилла хьо чІагІо

Лаьмнашкахь кхиъначу
Зезагех терра,
Даймехкан сий лардеш,
Къонахий бевлла.

Цу ГIеза-Хьаьжас дин
Даржийна латта,
Цу Iаьлбаг-Хьаьжас йукъ
Йихкина латта,

Шайх Доккас маслаIат
Кхайкхина латта –
Зандакъа, йахалахь
Маьршачу махкахь.

Нохчийчоь, сан Даймохк –
Беркате хьаьтта,
Барт болу тайпанаш
Деха хьан лаьттахь.

Лууш ву, Даймехкан
Сий ойъуш лаккха,
Дуьнен тIехь йоккху хан
Сий долуш йаккха.

ХІусам

Йассайелла нана йаьхна хІусам,
ДІабайна сан хІусамера чиркх а...
Бода... гІайгІа... хІора дийнахь-буса...
Ма хІусам йац-кх, нана йоцуш хилча…

Нийсархойх къастар

БIаьргаш хих дуьзна, лачкъа меттиг боцуш,
Мохь аьлла, велха хIинца дийзи сан.
Нийсархойх къаьсташ, доттагIашна воьлхуш,
Дуьнене тахна хьоьжу гIийла со.

Йа АллахI-Дела, Хьуо цхьаъ волу Дела,
Тамаше йеъна зама хIара-м йай.
Кечвала кхиъалц, Iожаллех со ларвеш,
Цхьа кIеззиг зама лохьа суна, хIай...

Йа АллахI, йа Рахьман,
ДоIанца кхойкху со.
Йа АллахI, йа Рахьим,
Хьан миска лай ву со.

ЛадоьгIуш дегIе, сайн да-нана доьхуш,
Йисина зама аса йоккхур йу.
Къахеташ доьзалх, йиш-вешех дог лозуш,
Хууш ву, сох а дуьне дуьсур ду.

АллохIумма солли, Iала Мухьаммад,
Ва Iала али Мухьаммад.
Къинхетам белахь, шапаIат лолахь,
Элчанна гергахь велахь со.

Йа АллахI, йа Рахьман,
ДоIанца кхойкху со,
Йа АллахI, йа Рахьим,
Хьан миска лай ву со.

23.03.2022 ш.

Шийла бІаьсте

БІаьсте, хьо-м дІаели малх кхетале,
Цу маьлхан зІаьнаро Іехавале,
Цу маьлхан йовхоно дог хьастале –
БІаьсте, хьо-м дІайели ирс иэцале.

Аьхкено дІайилли шуьйра неІарш,
Схьакхийти нур сирла маьлхан зІаьнарш,
Дагна там хуьлуш, де серладели...
Сан ойла-м гІайгІане кхерстайели.

Самукъадала сан меттиг кхин бац,
Оьшучохь орцанна лулахо гац,
Де эшча, дагавала да-нана дац,
Вовшашца тардала хьекъал тоац...

Аьхке дІайолало боларехь шен:
Сирла ду, дог хьоьстуш, мел догІу де.
Ткъа дуьне-м кийча дац и лаца тІе...
Йа АллахІ, Ахь тхуна хІун кечди-те?

Хийцало паччахьийн хьежамийн гуо,
Вовшех уьш кхетар а церан ца го,
Куралла кхайкхайо, совдуьйлу "со"...
Аьхкенан куц дайи цу бодано.

Къематде догІу-те, Іаламах вайн
БІаьрг бузош, кху дахарх Іабале вай?
Ма деза кхоьлли, Ахь, хІара дуьне кІайн,
АллахІ, хьайн къинхетам белахь, гечдай...

Самукъадала сан меттиг кхин бац,
Вовшашца тардала хьекъал вайн дац,
Оьшучохь орцанна вац лулахо,
Дош хеташ лардина дуьне ца го...

06.06.2022 ш.

Ненан ІиндагІехь...

Ши шо хан йаьллера
Ненах со къаьстина,
Тахана йуха а
Ненаца ву...
Іуьйранна, суьйранна
Вай Далла хастам беш,
Со ненан ІиндагІехь
Са паргІат ву.

Мухьаммад дуьнен тІе
Ваьллачу Маккахь,
Йовхоно дегІ дагош,
Іаламат ду.
Сан ненан ІиндагІах
Хилла ша марха,
Доккхачу ниІмато
Со хьоьстуш ву.

Дуьненан балано
Некъаш хедийна,
ТІекхача ницкъ боцуш,
Йорт йиттина.
Тахана цхьа кІезиг
Карийча ринжа,
Хьо гаре сатесна,
Ас некъ бина.

Хьан цІарах дихкина
Хьаж кхочушхили,
Деле хьо йоьхуш, ас

ДоIанаш ди.
Буьйсанна, дийнахь а
Хьо дуьхьалхIитти,
Хьан хаза йуьхь-сибат
Карладели.

Сан нана, хьан цIарах
Салам дIаделла,
Ровзат чохь кхачо йеш,
Ламазаш ди.
БIаьрг боьлхуш, дог доьлхуш,
Йийхи хьо Деле,
Элчано шапаIат
ТIе а леци.

ХIун де ас, алахьа,
Нана, сан нана?
Ма дохковаьлла со,
ХIумма цадарна...
Ма дохковаьлла со,
Ма дохковаьлла,
Хьан бIаьра хьоьжуш со,
Уллохь ца Iарна.

10.07.2022 ш.,
СаIудийн Аравн

ЧУЛАЦАМ

Даггара хьехамаш...
(Аутаев Сулейман-Хьаьжин кхолларалле) 3
Махкана совгІат 13
Ма хаза ду дахар... 14
Йалсаманин догІа 16
Зама 19
Йишина совгІат 22
Ненан мотт 24
Йоьду хан 26
Бакъо 28
Безаман седа 29
Ма йелаш вас 30
Къонахалле боьду некъ 32
Ши дахар 35
Делера тешам 38
ДоттагІа-къонах 40
Некъан накъостий 41
Нахера хьал 44
Ненан кхерч 45
Мехкан дай 47
Сан гІала 49
ЦІонтаройн кІант 51
Иштта ду хьара дуьне 53
Бакъ дешнаш 54
Ма белахь тешнабехк 55
Безаман шовда 56
Даггара хьехам 57
Дуьненан бала 59
Къонахчун весет 61
БІаьстенан суьйре 64

Буобер 66
Динан малх 67
Нохчийн йоI 69
БиъмогIанаш 71
Дош 73
ДIаиэцийша сан бакъо 74
Нохчо ву хьо 76
Эльбрус 78
Ненан аз 79
Барт хиларе кхайкхам 80
ХIай, миска… 81
Дохковаьлла 83
Вайнехан дозалла 84
Зандакъа 86
ХIусам 88
Нийсархойх къастар 89
Шийла бIаьсте 90
Ненан IиндагIехь... 92

Аутаев Сулейман-Хаджи Салаудинович

В ТЕНИ МАТЕРИ...

Стихи
(на чеченском языке)

Редактор – *Шарип Цуруев*
Дизайн и верстка – *Амина Хасиева*



Подписано в печать 02.12.2022. Формат 84х108 1/32.
Бумага офсетная. Тираж 500 экз.
Заказ № 1061.

Отпечатано в АО «ИПК «Грозненский рабочий»,
г. Грозный, ул. Санкт-Петербургская, д. 12/35